



Indero n'ubumenyi vyo gukingira abana Ivyo abavyeyi n'abarezi bakwiye kumenya

Izina ry'ishuri
Name of school

Imyaka bagezemwo
Participating Year/s

Igitigiri c'ivyigwa biga mw'iyinga
Number of lessons per week

Umuntu wo kw'ishuri bashobora kuvugana
School contact person

Telefone z'uwo muntu
Contact telephone number

Banyakwubahwa bavyeyi n'abarezi

Uyu mwaka abanyeshuri bo mu myaka yerekanywe aho hejuru bazogira uruhara mu cirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri (Personal Development, Health and Physical Education (PDHPE)).

Bimwe mu bigize gahunda y'ishuri ryacu muri PDHPE harimwo icirwa ntahara citwa ugutera imbere ku giti c'umuntu, amagara hamwe n'imyimenyerezo yo ku mubiri. Bimwe mu bigize ivyigishwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo ibintu bihambaye. Ishuri rizokwigisha ivyo bintu mu buryo abana b'iyoye myaka babitahura.

Ivyo bintu kanaka bidasanze bizokwigishwa mu ndero y'ubumenyi vy'ugukingira abana birerekanwa ku rukaratazi rukurikira.

Ku zindi nkuru zirengeye izi ku vyerekeranye n'indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana ja kuri [Child protection and respectful relationships education](#) (indero n'ubumenyi vy'ugukingira abana n'imigenderanire yubashwe) ikigabane c'igisata c'indero ku buhinga ngurukanabumenyi bwa PDHPE.

Igitigiri c'ivyigwa kw'iyinga muri iki giceaho indero n'ubumenyi vyo gukingira abana bizigishwa cerekanywe aho hejuru.

Nimba ukeneye izindi nkuru zirengeye izi, usabwe kurondera umuntu bacako kuri iyo shuri, amazina yiwe n'inomero ziwe vyerekanywe aho hejuru.

Ibikorwa vyo gusobanura mu zindi ndimi

Nimba ukeneye umusobanuzi wo kugufasha gushikira ishuri, usabwe guhamagara kuri telefone y'ibikorwa vyo gusobanura kuri 13 14 50 kandi uce usaba umusobanuzi mu rurimi rwawe. Uwuri ku mashini azoca ahamagara kw'ishuri maze ahabwe umusobanuzi ku murongo kugira ngo agufashe muri ico kiganiro. Ntuzorihishwa amahera kuri ivyo bikorwa vy'uwagusobanuriye.

Uwanyu

Umuyobozi (Principal)

Mu bigize ibizokwigwa mu ndero n'ubumenyi vyo gukingira abana harimwo:

The content which will be covered in child protection education includes:

(Staff to tick the relevant boxes below for Early Stage 1 content.)

Ibishobisho n'ukugene umubiri uvyifatamwo

Feelings and body reactions

Imigenderanire n'abandi bantu

Relationships with others

Ingene abantu bitwararikana

How people care for each other

Ibice bigize umubiri (ibinyegejwe n'ibiri ahabona)

Body parts (private and non-private)

Uguhindagurirka kwo ku mubiri n'ivyo bashobora gukora guhera ku kuvuka

Changes in body and abilities since birth

Uburenganzira n'ivyo bategerezwa gukora

Rights and responsibilities

Ingene imiryango yubatswe

Family structures

Kumenya no kugira ico ukoze ku bihe vy'akaga no ku bihe bidatera ingorane

Recognising and responding to safe and unsafe situations

Imigenderanire myiza n'inani zo gushigikirana

Positive relationships and support networks

Ivyo umuntu yokora kugira ngo agume mu mutekano no gusaba gufashwa

Strategies to stay safe and ask for help

Gukora ku muntu mu buryo bukwiriye no gukora ku muntu mu buryo budakwiriye

Appropriate and inappropriate touching

Uburyo bwo kwerekana ko wubashe abandi

Ways to show respect to others

Gufata ingingo nziza zidatera ibibazo

Making safe decisions